Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 3 (7452)
14 январь
2021 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Данделъи тIобитIана



11 январалда Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана аппаратальулаб совещание. Данделъи рагьулаго ГIиса НурмухIамадовас киналго хIалтIухъабазда баркана тIаде щвараб ЦIияб сон ва гьарана киназего щулияб сахлъи, бачIараб 202I соналда рак1 разияб хIасил кьолеб хIалтIи.

Совещаниялда гьоркьор лъуна батIи-батIиял, кIвар бугел суалал. ТIоцебесеб иргаялда бетIерас тIадчIей гьабуна пандемиялда ва бихьизабуна коронавирусалъ унтаразул къадар районалда дагьлъулеб букIин. «Дун кутакалда вохарав вуго районалда унтарал дагьлъулел рукIиналдаса. ЦIияб соналда цебе унтул вирусал тIиритIунгутIиялъе нилъеца гьабураб хIалтIуца лъикIаб хIасил кьуна»,-ян абуна ГI. НурмухIамадовас.

Школазда цIалул бугеб хIалалъул бицана лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев Къ-М. ХIаса-новас. - Лъай кьеялъул учреждениязда ахIвал-хIал бербалагьиялда гъоркь буго, руго киналго дезинфекциялъе къваригIунебщинаб, хIин-къи гьечIолъиялъул киналго шартIал цIунун руго,-ян абуна гьес.

202I соналда гьаризе ругел хIалтIабазул планалда тIадчIей гьабизе ккола: кинал объектал чара гьечIого ран лъугIизаризе кколел, чан гьединал объектал районалда ратаниги,-ян бихьизабуна районалъул бетIерас.

Бицана налогал ракIариялъул план араб соналда I04 проценталъ тIубазабун букIиналъул. Гьелдаго цадахъ тIадчIей гьабуна акцизазулгун налогазул гурел доходазда хурхун хIалтIи гьабизе ккеялда.

Данделъиялда дандрана цогидал суалалги гIоларел рахъалги. Рорхарал киналго суалазда хурхун тIадкъаял кьуна иш тIаде кколел гIадамазе.

## КIвар бугел суалалгун



I2 январалда Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовас тIобитIана коронавирус тIибитIизе тунгутIиялда буссараб оперативияб штабалъул заседание. Гьеб унеб букIана видеоконференция хIисабалда.

Заседаниялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул замал. ГI. МухIмадов, М. ХIамзатов, ЕИСалъул нухмалъулев ХI-М. ГъазимухIамадов.

ТIоцебесеб иргаялда РДялъул бетIерас баркала кьуна Минздравалъул ва Роспотребнадзоралъул хIалтIухъабазе, гьезул гIуцIи бугеб хIалтIуе гIоло. «Унтаразул къадар цIикIкIин гьечIо, дагьлъулел руго «хехаб кумек» ахIулезул къадар. Дарабаздалъун хьезари, унтаразе койкаби чIезаби буго хасаб бербалагьиялда гъоркь, гьеб тIадкъан буго сахлъи цIуниялъул министрасул ишал тIуралей Т. Беляевалда»,-ян абуна республикаялъул бетIерас. Бокьилаан тIадчIей гьабизе тIубараб сордо-къоялъго хIалтIарал лабораториялъул хIалтIухъабазул хIалтIуда. Нилъеца цIунана ва дагьабго цIикIкIинабуна тестирование гьабиялъул хIалтIи.

**(МухIканго совещаниялъул цIализе бегьула районалъул сайталдасан)**

## Баркула!

I2 январалда нилъер улкаялда кIодо гьабуна прокуратураялъул хIалтIухъабазул профессионалияб праздник.

Гьеб къо Россиялда кIодо гьабулеб буго I996 соналдаса нахъе. Пачалихъалда закон цIуниялда прокуратураялъул хIалтIухъабаз гьабулеб хIалтIи хIисаб тун гIемераб буго.

Кидаго ва кинабго заманаялда прокуратура букIана ва буго цохIого цо,-ян абуниги мекъи ккеларо, киналго гIадамал жидерго захIмалъабигун ва къварилъабигун ине бегьулеб органлъун: гьел абуни гIумроялда жаниб гIемер дандчIвала. Гьединлъидал нужер хIалтIи чара гьечIого хIажатаблъун буго тIубараб улкаялъего. Нужеца гIадамазе босун бачIуна ритIухълъи, закон цIуни, пайда, ритIухълъиялде рекIелчIей.

Баркула Нужеда, прокуратураялъул хIалтIухъабазда профессионалияб праздник – прокуратураялъул хIалтIухъабазул Къо! Гьарула хIалтIулъ цIи-цIиял бергьенлъаби, ритIухълъи цIуниялълъ къо хIехьей. Биччанте кидаго нужерго ишазулъ букIине икъбал!

**ХIурматгун**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**Районалъул администрациялъул коллектив,**
**Районалъул Собраниялъул депутатал,**
**Районалъул жамгIияб палата.**

Коронавирусалда хурхун

## ХIалтIуца хIасилал лъикIал кьолел руго

Районалда коронавирус тIибитIиялда хурхун, оперативияб штабалъул лъазабиялда рекъон вирус тIибитIут1иялъул иш рукIалиде кколеб буго. Районалъул больницаялда регун ругезул къадар гIодобе ккун буго 45 проценталъ. Гьедин ккеялъе асливб гIилла буго гьаниб Роспотребнадзоралъул профилактикаялда хурхун киналго тIалабал тIад калам гьечIедухъ тIуразарулел рукIин. Гьеб мурадалъе гIоло районалъул оперштабалъ цебеккунго хIукму гьабун букIана гIорхъи чIезабизе гIемерал гIадамал данделъулел тадбиразе, гьел ккола бертаби, хвел букъи ва цогидалги гIемерал гIадамал данде руссараб данделъаби гьаричIого тей. ЦIунулеб буго маскаби, квердаххелал рай гIадал цIодорлъиялъулал ишал.

Гьарула нужеда хадубккунги цIуне гьел тIалабал! Вирус буго вахIшияб, гьеб бокьараб заманалда тIад буссун бачIине бегьула нилъеца цIодорлъи гьабулеб гьечIони.

Хьул буго щивав чиясул гьеб суалалда хурхун бичIчIи буголъиялде.

## План тасдикъ гьабуна

ТIубараб лъагIалицаго республикаялъул школазда гьаризе руго ДАССР г1уц1аралдаса 100 сон т1убаялда хурхарал тематическиял мероприятиял. Киналго тадбирал тIоритIизе руго Дагъистаналъул БетIер Сергей Меликовасул Указалда рекъон.

Республикаялъул школазул цIалдохъабазда гьеб кIвар цIикIкIараб датаялъул хIакъалъулъ лъазе буго I4 январалдаса 24 январалде щвезегIан. Гьеб заманалда республикаялъул лъай кьеялъул учреждениязда ине буго «Образование ДАССР» абураб диктант. Гьеб тадбиралда гIахьаллъизе руго 500 азарго цIалдохъан ва студентал.

Гьединго школазда тIоритIизе руго конкурсал, рагьарал дарсал ва гьеб темаялда классалъул сагIтал.

ВКС режималда тIобитIулеб совещаниялда Дагъистаналъул БетIерас рехсана вице-премьеразул цIарал.

Кабминалъул цIияб гIуцIиялда, церего гIадин рукIине руго кIиго тIоцересел вице-премьерал. Гьел ккола Нюсрет ГIумаров ва Батыр Эмеевги.

Гьеб гуребги вице-премьераллъун тIамуна А. Абулмуслимов, А. Карибов, Р. Жафаров, В. Лемешко ва М. Телякавов.

Гьедин Инсаф Хайрулин гIодов чIана вице-премьерлъиялдаса. Гьеб гуребги зампред хъулухъалдаса махIрумлъана РДялъул Минобороныкаялъул бетIер У. ГIумарова, гьелда хадуб цIунун хутIана министрлъиялъул хъулухъ.

ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялде

# Гьалги кIочон теларин!

Нилъ чIухIизе ва рохизе ккараб жо буго нилъер ракьалда, кIиабилеб Маккалъун рикIкIунеб, рикIкIен гIемерал гIадамаз жинде зиярат гьабулеб, баракатаб АхIулгохI букIин. Гьенире рачIуна гIемерал гьалбал, лъай-хъвай гьабула районалъул тарихиял бакIазулгун, бакIалъулал гIадамазулгун. Гьалбадерие кIудияб интерес букIуна бакIалъулаб тIабигIаталъул, гъваридал кIкIалабазул, чармил кьерал кьурабазул, беричал ахазул, ахакь рижулел тIагIамал пихъазул. АхIулгохIда батIияб асар гьабула ракIазе, цебечIезабун бажарула ва битIараб къимат кьезе кумек гьабула гьенир ккарал рагъазе, бахIарчиго хварал мюридзабазе ва гIурус солдатазе.

Дида ракIалде ккола инкъилалъул заманаялде щвезегIан тарихалъул тIамчал дагьалго нахъеги регун, АхIулгохIдаса рикIкIад гьечIеб, нилъеца бицен гьабулеб бугеб гохIалде тIаде битIараб кьурал рагIалда, нилъерго тарих лъаялъул нахърател цIикIкIине ва щула гьабизе  дагьалго лъалхъани лъикIилан.

Гьаниб дие бицен  гьабизе бокьун буго араб гIасруялъул къоабилел саназда Дагъистаналда, гьелдаго цадахъ ГIашилтIа росулъ букIараб ахIвал-хIалалда.

ЗахIматал рукIана къоабилел санал Дагъистаналъул гIолохъанаб республикаялда. ГIодоре риччан чIолел рукIинчIо инкъилаб бергьин захIмалъарал тушбаби. КIудияб квал-квал букIана гьезул гIолохъанаб республика цебетIеялъе. Бажарулеб букIинчIо бакIалъулал гIадамазда гьезда дандечIей гьабунги. Гьединлъидал хIажаталлъун ккана кверчIваялъе къватIиса кумекалде.

Дагъистаналъул ревкомалъ партизаназул цолъаби гIуцIана ва мугIрузда Совет власть щула гьабизелъун кинабго жо гьабулеб букIана Ивано-Вознесенскиялдаса хIалтIухъан, Дагъистаналда Совет власть гIуцIиялъе гIоло къеркьохъабаздасан цояв Именниниковас ва гьесдаго цадахъ Москвалъул рагъулаб училищеялъул нусгоялдаса цIикIкIун курсантаз.

ГIешдерил ахакь пихъал рарщулеб заман букIана курсантал росулъе рачIараб заман. Рохалида дандчIвай гьабуна гIешдерица гIурус вацазда. Гьезда цадахъ рачIун рукIана магIарулалги. МагIарухъ гьеб заманалда кутакаб ракъи букIана. ВачIарав гьоболасе бекун бащад гьабун кьезе чадил кесек  батулаан щивасул рокъоб.

Курсантазул бригада чIун букIана росу рагIалда къайи чIван. ГIешдерил гIадамазе эркенлъи букIинабиялъе гIоло къеркьезе рачIарал гьезие, ресалда рекъон, рукъоса цIоросаролъил ханждал сахI цIолаан, цояз ханал, цогидаз рахь, багIаргьоло бачIунаан. Курсантазги гIадада толароан гьезул сахавалъи, кIвараб кумек гьабулаан росулъ гьарулел, росдал магIишаталъул хIалтIабазе. Амма халат бахъинчIо росдал гIадамазулги курсантазулги гьединаб гьоркьолъи.

Балагьаб сордо… Сардилъ тIаде кIанцIарал бандитаз сверун ккун букIана курсантал жанир рукIараб казарма. Ращад гьечIеб рагъулъ рес букIинчIо нахъе къачIого. Нахъе къазе букIана гIицIго цо нух - кьурул рагIал. Гьеб сордоялъ кьурулъан гъоркье кIанцIун,  рикIкIадаб Дагъистаналда батана гIолохъанал москвичазда хвел…

**Нижер мухбир**

**PS. Дагьал церегIан саназдаги букIана кьурул рагIалда курсантал ракIалде щвеялъе чIвараб хъарщи. Гьанже гьебги гьечIо. БитIараб букIинаан гьениб нилъер талихIаб букIинеселъе  гIоло рухI кьурал гIолохъаби ракIалде щвеялъе цо кинаб букIаниги гIаламат гьабуни.**

# Унсоколо ФКЗялъул хIал

Араб соналде дандеккун Унсоколо ФКЗялъ гIезегIанго бергьенлъби росун руго.

I маялде щвезегIанго завод ремонт гьбаунт къачIан буго. Банкаби гьарулеб цех маялъул аваладаго хIалтIизе лъугьун буго. Гьелъ щибаб къояолъ 8 азарго банка хIадур гьабулеб буго. Гьеб цехалъ цо Унсоколо ФКЗ гуребги Иргьани ва Генуб заводалги банкабаздалъун хьезарулел руго.  Пихъ белъунеб 11 хьаг буго. Цо-цо хьагиниб  щибаб къоялъ 8-9 нухалъ белъуна пихъ. Белъараб пихъ бочкабахъе чIван цо къоялда жаниб 40-60 гIанисеб бочка хIадур гьабулеб буго.

Банкабахъ консервал гьарулеб цехалда щибаб къоялъ 8 азарго банка консервазул хIадур гьабун кьолеб буго.

ХIалтIухъабазе жидерго хасаб квана-гьекъолеб столовая буго. Заводалде пихъ кьуразе кодобе гIарац кьолеб буго.

I9 июлалде заводалъул план тIубан буго.

Гьел бергьенлъабигун цадахъ гIоларел рахъалги руго.

ФКЗялда руго кинавниги 250 гIанисев хIалтIухъан. Гьале ФКЗ хIалтIизе байбихьаралдаса нахъе моцIгин бащадаб гIанисеб заман балеб буго. ФКЗялъул директор МуртазагIалиев Ражабил жиндирго хIалтIухъабаздехун бугеб тIаса-масагояб бербалагьиялдалъун заводалъул 85 гIанисев хIалтIухъанасе жеги халгIатал кьун гьечIо. Гьезие гьел рук1инариялда тIад хIалтIиги гьабулеб гьечIо. Гьединго хIалтIухъабазул рукIа-рахъиналъул рахъги расги лъикIаб гьечIо. ХIалтIухъабазе жанир чIезе рукъзал, бусен-къайи кьечIел хIалтIухъабиги дагьал гьечIо.

2 июналдаго заводалде хIалтIизе восарав МокIсохъа ХIасанов МухIамадие, I4 къоялъ хIалтIуда вугониги жеги рукъ, бусен-къайи кьун гьечIо. Гьединго ЦIатIанихъа щуго хIалтIухъанасеги кьун гьечIо гьел.

Заводалда жаниб буго андгрид абулеб газ бочкабазде бичалеб цех. Гьеб цехалда гордал цIер бекун буго. Гьенисан заводалде жанибе бачIараб газалъ  хIалтIухъабазул берал рухIун кIудияб лазатбахъи лъугьунеб буго ва хIалтIухъабазда букIине кколеб куцалда хIалтIун бажарулеб гьечIо.

Заводалда хIалтIулел цо-цо хIалтIухъаби хьитал гьечIого, хIатIида гIицIго хIалтIулел руго. Заводалъул директорасда гьелги рихьулел гьечIо. РацIалъиялъул рахъ босани, гьебги лъикIаб гьечIо. Масала, заводалда жанир хIалтIулел хIалтIухъабазул халгIатал жидецаго чуризе кколел руго, гьел чурулел чагIи гьечIолъиялъ.

ХIалтIухъабазе радио лъезе бокьун бугониги гьеб лъолел чагIиги гьечIо.

Сирьевая площадкаялда цо чанго чIахIиял гъунал гьарун холеб пихъ бугониги, гьеб холаредухъ хъарщазда тIад тIибитIун гьелда тIад хIалтIи гьабизе Ражабида ракIалде ккколеб гьечIо.

КъваригIун буго Унсоколо ФКЗялъул директор МуртазагIалиев Ражабица гьал тIадехун рехсарал, хIехьезе кIоларел гIунгутIаби тIагIинеги гьарун, гьанжеялдаса хадубгIаги хIалтIи большевикияб къагIидаялъ гIуцIизе.

**Проверкаялъул хIасилаздасан.**

**«Унсоколо колхозник»**
**1938 сон**

# Октябралда цебесеб соц. къец

Нилъер хIалкIвей бугеб ВатIан, кIудияб социалистияб революциялъ 20 сон тIубаялъул праздникалде дандчIвай гьабиялде бачIунеб буго.

Улкаялда жаниб кутакалда гIатIилъулеб буго соцкъецалги Стахановцазул движениялги.

Гьанже «КIудияб Октябрь социалиятияб революциялъ 2I  сон тIубаялъул хIурматалда ва Ленинилабгун Сталинилаб комсомолалъ 20 сон тIубялъул хIурматалда бугеб соцкъецал шагьараздаги росабалъги  цIияб Стахановцазул багъа-бачари борхизабиялде буссинабе, гьединаб буго масъала». («Правда» 26 сентябрь, I938 сон). Гьелъул хIасилалда 38 соналъул I2 октябралда букIараб совещаниялда гIахьаллъарал финагентаз жидецаго цоцадехун балеб къецалде байбихьана.

Бекьилъ вугев финагент Алданов Зайнудиница къецалде ахIана, 20 абилеб октябралде гIарац бакIариялъул пачалихъалъул план I00 проценталъ тIубазабизе Унсоколо вугев финагент Ражабов ГIабдула. Унсоколо вугев финагент Ражабовас ахIана Генуб росулъ вугев финагент МухIамадов ГIалибег тIадехун рехсараб къагIидаялъ 20 октябралде I00 проценталъ план тIубазабизе. Генуб росдал финагент МухIамадовас ахIана гIешдерил финагент Гимбатов Алхас. Гимбатовас ахIана Иргьани росдал финагент I00 проценталъ план тIубазабизе. Макъсохъ росдал финагентас ахIана Балахьуни росдал финагент Гулдачов Басир. Гулдачовас къецалде ахIана Зирани вугев финагент Гираев Расул. ГьаракIуни вугев финагент Булатилас къецалде ахIана Иргьани вугев финагент ГIали СултIанов 20 Октябралде пачалихъалъул план I00 проценталъ тIубазабизе.

Гьеб рохалилаб соцкъецалда киналго агентаз рагIи кьуна 20 октябралде, жиде-жидер росабалъ бакIарулеб пачалихъалъул план I00 проценталъ тIубазабизе ва банкалде щвезабизе.

# Договор

(I938 соналъул 8 октябралда Иргьани завшколы ГIабдуразакъовасдаги Балахьуни завшколы М. ГIабдурахIмановасдаги гьоркьоб ккараб къотIи)

I. Школалъул гIумроялда ругел лъимал цIалуде гIахьал гьаризе.
2. ЛъикIал классал чIезаризе
3. Лъималазул рачIин I00 проценталъ чIезабизе
4.Лъималазул успеваемость 25 проценталъ чIезабизе
5. ЦIалул пособиял чIезаризе.
6. Пионеразул отчеть, отчетность чIезабизе
7. Пионеразда гьоркьоб кьурдул, кечI ахIулел, спорталъул кружокал гьаризе
8. Щибаб классалда хьвадулеб багIараб байрахъ чIезабизе
9. Лъималазда жаниб моцIие I нухалъ къадал газета бахъизе
I0. Лъималазда гьоркьоб 70 % райгазета тIибитIизабизе
II. Школалъе ва учительзабазе отопление чIезабизе
I2 . Учительзабазул лъай борхизабиялъе щибаб моцIие кружок гьабизе, хасго гIурус мацIалъул.
I3. ЧIахIиял учительзабазе методикияб кумек гьабизе ва изба, клубалъе кумек гьабизе.
I4.Сельсоветалъулгун, культурияб секциялъулгун щулияб бухьен гьабун, кинабго рахъ лъикI гьабиялъе тадбирал гьаризе
I5. Гьаб договор щибаб кварталалда проверка гьабизе районалъул газеталде кьезе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 3 (7452)
Хамиз
14 январь 2021 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере

РОССЕЛЬХОЗНАДЗОР

# Управление Россельхознадзора по РД информирует!

**Управление Россельхознадзора по РД, в целях реализации государственной политики Российской Федерации в области защиты населения и территории от чрезвычайных ситуаций (указ Президента РФ от 11 января 2018г. №12) информирует о возможном заносе на территорию республики потенциально – опасных карантинных вредителей закрытого грунта.**



ВНИМАНИЕ!

Томатная минирующая моль – новый карантинный вредитель на территории Дагестана

Томатная минирующая моль (Tuta absoluta) – опасный вредитель овощных культур закрытого и открытого грунта. Родиной ее является Южная Америка, где с 80-х годов моль стала серьезным вредителем томатов. До 2006 года этот южноамериканский вредитель в Европе не встречался. Впервые он был зарегистрирован в Испании, где потери урожая тепличных и полевых томатов через год были настолько велики, что ситуации придали ранг события национального значения. В настоящее время томатная моль выявлена во Франции, Италии, Греции, Египте, Португалии, Нидерландах, Турции, Израиле, Марокко, Дании, Литве, Германии, Украине, Беларуси, России (Калининградская обл. и г. Краснодар) и др. Основной путь ее распространения на большие расстояния – в минах на листьях рассады и плодах пасленовых культур.

С целью недопущения проникновения томатной моли на территорию России специалисты Россельхознадзора уделяют особое внимание продукции, поступающей из стран распространения данного вредителя. Службам тепличных хозяйств, овощеводам и фермерам необходимо подробно ознакомиться с морфо-биологическими особенностями томатной моли и мерами борьбы с вредителем, чтобы быть готовыми принять все необходимые меры для локализации и ликвидации возможных очагов этого опасного вредителя.

Для предотвращения распространения и вредоносности томатной минирующей моли используются следующие фитосанитарный мероприятия:

<!--[if !vml]--><!--[endif]-->-вылов бабочек на свет – в ночное время около плоской емкости с водой, в которую добавляется немного растительного масла, включают лампочку, выловленных бабочек таким способом утром убирают;

- вылов самцов на феромонные ловушки с целью создания самцового вакуума, при этом также лучшие использовать воду, а капсулу поместить в воде на обычной пластмассой крышечке;

- уничтожение плодов, растений, собранных поврежденных листьев, зараженных вредителем, а также растительных остатков;

- обработка растений в период вегетации биологическим препаратом битоксибациллином в концентрации 0,8 – 1 %.

На ранних стадиях развития томата используются и химические инсектициды. Эффективность химического метода ограничена особенностями развития томатной моли, а также способностью быстро вырабатывать устойчивость к инсектицидам. В других странах наработан опыт применения таких препаратов, как проклэйм, ланат, авант, кораген. Необходима интегрированная система управления вредителем, используя все методы борьбы.

При обнаружении карантинного объекта или признаков, указывающих на его наличие, владельцам, пользователям подкарантинных объектов информировать об этом территориальное управление Россельхознадзора.

ГРАЖДАНЕ! Руководители хозяйств, специалисты сельского хозяйства, владельцы приусадебных участков, теплиц!

Необходимо срочно провести обследование пасленовых культур на выявление томатной минирующей моли и ликвидировать его очаги, чтобы не допустить проникновение этого опасного вредителя на поля Дагестана!

ТАБАЧНАЯ БЕЛОКРЫЛКА (Bemisia tabaci Gen.) - опасный вредитель открытого и закрытого грунта, включенный в список карантинных объектов, ограниченно распространенных на территории Российской Федерации.

Табачная белокрылка (Bemisia tabaci Gen.) ограниченно распространенный в РФ опасный карантинный многоядный вредитель отряда полужесткокрылых (Hemiptera). семейства белокрылки (Aleyrodidae). Широко распространена в открытом и закрытом грунте стран Европы, Северной и Южной Америки, повсеместно в странах Азии, Африки, Австралии и Океании.

Характеризуется большой пластичностью, многоядностью и высокой скоростью размножения. Развивается на 600 видах растений. Имаго и личинки высасывают сок и вызывают ослабление растений. Имаго B. tabaci являются переносчиком свыше 60 различных вирусов – возбудителей опасных заболеваний растений, в том числе вирус хлоротичной курчавости листьев томата. Личинки выделяют медвяную росу, на которой развиваются сажистые грибы, значительно снижающие интенсивность фотосинтеза и дыхания листа.

Имаго желтые с белыми крыльями. В спокойном состоянии держат крылья косо, приподняв их над телом, между крыльями видно тело. Яйца грушевидной формы, бледно-желтого цвета, на коротких стебельках, в процессе развития становится золотисто-коричневыми, но не чернеют. У пупария B. tabaci бока лодкообразные, по бокам восковые щетинки короткие или отсутствуют. Распространяется с зараженными растениями. В теплое время года имаго могут перелетать и переноситься потоками воздуха на значительные расстояния.

Меры борьбы: Запрещаетсявывоз производимой продукции из карантинной фитосанитарной зоны. Для борьбыприменяют инсектициды, при этом необходимо учитывать, что популяция вредителяадаптируется к пестицидам и их необходимо чередовать. Рекомендуютсябиологические методы борьбы: применение энтомофагов и хищников (энкарзии,златоглазок, хищных клопов, кокцинеллид и т.д.), энтомопатогенных грибов,бактериологических препаратов. Мониторинг с помощью желтых клеевых ловушек. В профилактических целях следует тщательно удалять из теплиц растительный мусор,так как вид зимует на стадии пупария в опаде, и сорные растения-резерваты.

В случае выявления подозрительного объекта, необходимо немедленно сообщить в Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан по телефону горячей линии 8(8722)780304.

ЗАПАДНЫЙ (КАЛИФОРНИЙСКИЙ) ЦВЕТОЧНЫЙ ТРИПС - новый потенциально-опасный многоядный вредитель тепличных культур

Западный (калифорнийский) цветочный трипс (Frankliniella occidentalis Pergande), семейство трипсов Thripidae – один из опаснейших многоядных карантинных вредитель сельскохозяйственных, декоративных и цветочных культур закрытого грунта, а также переносчик вирусных заболеваний растений.

Вредить более 300 видам растений.

Насекомое величиной 1,4-2,0 мм, ведет скрытый образ жизни, поражает цветочные почки, бутоны, цветки, а также стебли, листья. Вред причиняют и личинки и взрослые насекомые. Ротовым аппаратом прокалывают кожицу и высасывают содержимое клеток растительной ткани. В местах повреждения появляются желтые хлоротичные пятна или штрихи, которые впоследствии сливаются. Позже пораженные органы растения вянут, на них появляются некротические отверстия.

Пораженные листья нередко опадают, а бутоны цветов не раскрываются. На сильно зараженных растениях могут появиться обесцвеченные «серебристые» участки, особенно заметные на темно-зеленых листьях растений, а также на темно окрашенных лепестках. Питание трипса в цветочных почках вызывает деформацию цветков и плодов. Поедание пыльцы не позволяет растению сформировать полноценные цветки. Кроме того, своими экскрементами насекомые загрязняют лепестки цветков, что недопустимо для салатных овощей.

В теплицах западный цветочный трипс может размножаться круглогодично и образовать за год 12—15 поколений.

Самки цветочного трипса откладывают яйца в ткани всех надземных частей растения. Одна самка может отложить до 300 яиц. Личинки обычно отрождаются группами, которые одновременно начинают питаться на небольшом участке листа. На одном растении питаются личинки двух возрастов, что вскоре приводит к формированию некрозов. Позже насекомое проходит две стадии развития (пронимфа и нимфа) в почве, но в редких случаях остается на растении.

Продолжительность развития западного цветочного трипса от яйца до имаго зависит от температуры. Оптимальная температура развития — 25°С, тогда его численность удваивается за 4 дня. При выше 35°С, развитие насекомых прекращается, и смертность всех стадий резко возрастает. В отсутствие живых растений трипсы способны выживать в теплице не более недели.

Взрослые особи вредителя очень подвижны. Большую часть времени они чистятся, перебегают на небольшие расстояния, а будучи потревожены, перелетают на соседние листья или кусты. Они хорошо и активно летают, что отличает их от большинства других трипсов, вредящих в теплицах.

В теплицы трипс попадает посадочным материалом, черенками и с горшечными растениями, в результате заноса людьми, либо путем залета из притепличного пространства. В летнее время калифорнийский трипс способен размножаться вне теплиц на разнообразной культурной и дикой растительности. Наиболее опасен перенос трипса на стадии яйца внутри растительной ткани, что исключает своевременное выявление насекомых. Уничтожить мелкого вредителя достаточно сложно. На своей родине он получил устойчивый иммунитет ко многим химическим препаратам. Имаго и личинки предпочитают скрываться в почках, бутонах, чешуйках растений, что затрудняет воздействие на них применяемых инсектицидов. Вредитель обладает высокой устойчивости к большинству пестицидов, поэтому лучшим методом борьбы с ним является профилактика — важно не допустить попадание карантинного организма в тепличное хозяйство. Запрещено ввоз и вывоз рассады, цветов и других растений без проверки и одобрения карантинной службы.

Использовать интегрированную систему защиты растений, которая предусматривает комплекс агротехнических, биологических и химических методов борьбы с вредителем. Своевременное обследование выращиваемых культур в теплицах. Развешивание ловушек у дверей, вентиляционных отверстий, на растениях. Немедленно уничтожать заселенные вредителем растения, тщательно удалять с теплицы все сорняки и растительные остатки. Наибольший эффект в борьбе с трипсом достигается в межсезонье, когда возникает возможность убрать все растения, провести обработку грунта паром, провести дезинсекцию всех теплиц и помещений.

ГРАЖДАНЕ! Всем владельцам подкарантинных объектов, с целью своевременного выявления опасного карантинного вредителя, проводить систематические обследования. В случае выявления западного (калифорнийского) цветочного трипса, доставлять образцы для идентификации вида специалистам Дагестанского филиала ФГБУ ВНИИКР (г.Махачкала, ул. Белинского №10), или в Управление Россельхознадзора по РД (г. Махачкала, ул. Титова №3), а также необходимо немедленно сообщить в Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан по телефону горячей линии 8(8722) 780304

**Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан**

## Баркула шапакъат!



рохалилаб данделъи. Гьел щвараздa гьоркьоб йикIана РДялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул Министерствалъул рахъалдасан «За добросовестный труд в сфере образования» ведомственнияб шапакъат щварай, ГьаракIуни росулъа № 7 «Улыбка» ясли-ахалъул заведующая Шарипат ГIабдулаеваги.

Шапакъат кьолаго муниципалитеталъул бетIерас гьелъие гьарана халатаб гIумро, сахлъи, хIалтIулъ хадурккунги чIахIиял бергьенлъаби.

Араб соналъул декабралъул ахиралда Унсоколо районалъул администрациялда букIана мустах1икъазе шапакъатал кьеялъул

## Кьижи ва гьелда хурхун малъа-хъваял

Авараг (с. т. гI. в.) боголил какдаса хадув вегулаан ва сардил ахиралда тIаде вахъун какал ран, Къуръан цIалун гIибадат гьабулаан. Авараг (с. т. гI. в.) гIемер кьижулароан ва кьижичIогоги вукIунароан. Гьев вегулаан кввaранаб хьибилалда, гIемер кваналароан, гьев вегулаан чамастанкил тIамхил гьабураб тIеренабго бусада ва къаданиб жиндирго квер лъолаан. Кьижи ккола Аллагьас нилъее кьураб рахIмат, черхалъе рахIат, гьелъ свак чучизабула, черх чIаго гьабула. Кьижараб чиясул квен лъикI биуна, чорхолъ бугеб жанисеб бухIи квен биинабиялде уна ва кьижарав чи квачала, цинги тIаде жо бачиналде хIажалъула. КвегIаб хьибилалда вегани, квен хехго биуна, гьединлъидал, дагьаб мехалъ квегIисаги вегун, хадуб кваранаб хьибилалда кьижизе лъикIаб буго. Чехь гьоркьехун габун вегизе карагьатаб буго. Гьедин вегун ватарав асхIабасда аварагас (с. т. гI. в.) абун буго: - Гьеб кьижи жужахIалъулагьлуялъул буго,-ян. Гиппократица хъвалеб буго: «Сахлъиялда вугеб мехалъ вегулеви вукIинчIо, чахьалда вегулев чи нужеда вихьани, нужеда лъай гьев чиясул я гIакълу босун буго, ялъуни гьесул кванирукъ, чехьбакъ унтун буго»,-ян. Кьад кьижи букIуна лъабго батIияб:

1. ЛъикIаб, пайда бугеб кьижи – гьеб къаде какда цебе яги хадуб кьижи;
2. ГIакълу дагьлъулеб кьижи – бакъанил какда хадуб. Цо-цо гIалимзабаз абулеб буго бакъанил какда хадуб кьижидал чиясул гIакълу дагьлъани, гьев сияс жиндаго гIайиб чIвайилан.
3. Квешаб гIадат – рогьалил какдаса хадуб кьижи. Гьеб заман буго Аллагьас нилъее рикъзи бикьулеб заман. Гьединл]идал, рогьалил какда хадуб кьижизе карагьатаб буго, гьеб черхалъеги зараликяб буго, хасго кванирукъалъе. Бащадаб къаркъала рагIдукь, бащадаб бакъукь кьижизеги карагьатаб буго. Гьелъ рахчарал унтаби рорчIизарула. Ибн Маджагьица ва Абу-Дувудица бицун буго аваргас (с. т. гI. в.) гьукъулаанин бащадаб рагIдукь, бащадав бакъукь гIодов чIезегицин.

## «Ахихъаналъе» подписка унеб буго

Киса-кибего Россиялдаго гIадин гьаб соналъул I сентябралдаса нахъе подписка рагьана нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъеги. Районги, вижараб росуги хиризе, гIагараб ракь бокьулезе бокьизе кола районалъул газетаги. Гьединлъидал кIочон тоге нилъеде бищунго гIагараб районалъул газета хъвазе.

Газета хъвазе бегьула районалъул почтампталда, росабазул отделениязда ва районалъул газеталъул редакциялдасанги. Подписказулъул багьа бащдаб лъагIалие почтампталдасан ккола г1ададамазе 245,54 гъ. , организациязе - 251,84гъ., г1ададамазе лъаг1алиего подписка гьабула 490,70 гъ., организациязе 503,23 гьурущалде. Газетаялъе редакциялдасан подписка гьабула эркенаб багьаялда. Районалъул газета ккола гьелъул гIумру бахьизабулеб матIу. Гьелдасан нужеда лъазе бегьула республикаялда, районалда бугеб асIвалхIал, батIи-батIияял харбал, политикиял, экономикиял ва социалиял рахъалда кколел хиса-басиял, гIолелги гIоларелги рахъал, церетIурал гIадамазул, махщел камилал специалистазул хIалбихьиял, ишал, малъа-хъваял, диниял гIалимзабазул вагIза-насихIат, халкъияб медицинаялъул малъа-хъваял, яшав лъикIлъизабиялъе ресал ва цогидаби.

**ХIурматиял учреждениял организациязул нухмалъулел, росабазул администрациябазул бутIрул!**

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редколлегиялъ хьул гьабулеб буго нужеде, нужер коллективазда, росабалъ районалъул газета хъвазе кумек гьабун, гьелъул тираж дагьабги цIикIкIинабиялде. Хасго бюджеталъул гьеб ишалъе гIарац биччалел росабазул бутIруз исана гьеб рахъалде кIвар кьелин божилъи гьабизе бокьун буго.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

Бусурбабазе хIалал гьабураб квен

## Даруйищ яги загьруйищ?

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абун буго (мугIна): «Нижеца ягьудиязе гьукъана щанкIлал рикьичIел киналго хIайваназул беэнлъи. Нижеца гьезие гьукъана гIачиязул ва гIиялъажалазул тIатIи. Гьедин нижеца гьезие гьезул пасалъиялъухъ тамихI гьабуна. ХIакълъунго, ниж ритIухъал руго» (АнгIам, I46).

Аллагьас бусурбабазе кванилъ хIалтIизабизе хIарам гьабун буго гIицIго нажасаб, кинабго зaралиябщиналдаса чороклиялдаса гьел цIунизелъун. Ягьудиязейин абуни Аллагьас рацIцIадал нигIматалцин кванилъ хIалтIизаризе гьукъун буго, гьел Жиндир амруялда нахърилъинчIолъиялъе гIоло тамихI гьабун. Ягьудизе гьукъун букIана варанабазул гьан ва чанги бацIцIадаб хIайваналъул кьаралъи. Аллагьас гьезие хIарамалъул гьел гIорхъаби чIезаруна гьезул тIекълъиялъе гIоло, гьез Жинда ва Жиндир лагъзадерида цебе жидерго тIалабал тIуразарунгутIиялъе гIоло тамихI гьабун.

КигIан кIудияб пайда гьелда гьорлъ бугеб, амруялда нахърилъинчIолъиялъе гIоло Аллагьас гьеб хIалтIизабизе гьукъиялдалъун ягьудиязе тамихI гьабизе ккани? «амир СултIан» медицинаялъул централъ гIуцIун, СагIудиязул ГIарабиялъул Къираллъиялда рекIел унтабазул темаялда тIобитIараб тIолгодунялалъулаб конференциялда Вашингтоналда бугеб нервабазул цIех-рех гьабулеб Америкаялъул институталъул нухмалъулев, профессор Пол Рошица данделъарал кутакалда гIажаиблъизаруна холестериналъул хIакъалъулъ ахирал соназ ягьудияз ургъунго тIибитIизабулеб хабар гьезул бищунго кIудияб гьереси бугилан абун.

ХIакъикъатин абуни гьадинаб бугин абуна гьес: чIегIербоцIул, варанабазул, гIиялъажалазул беэнлъиялъ инсанасул чорхолъа зaралиял жал ва загьраби инарула, гьез бидурихьал тамахлъизарула, тIом бацIцIад гьабула, кванирукъалъулги тIубараб черхалъулги хIалтIи лъикIлъизабула. Гьеб ккола тIулае хIажатаб материаллъун. Гьеб беэнлъиялда гьорлъ холестерин букIунаро, гьеб хIалтIизабиялдалъун рекIелгун бидурихьазул унтаби лъугьиналда хIинкъиги гьечIо.

Гьел хIинкъаби рижиялъе хIакъикъиял гIиллаби гьадинал руго: - чIахIазул, гьветI-хералъул гидрировать гьарурал нахал, масала, цIоросаролъил нах, бакъдебуссалъул семичкадул нах, пальмаялъул маргарин ва гь. ц. сахлъиялъе чара гьечIин абун гIадамазда росизари.

Профессор Пол Рошица абуна: «Гьеб буго чорокаб, гьересияб, амма тIадчIун гьабулеб пропаганда, гьелда нахъаги руго бакътIерхьул ва жугьутIазул предприятиял. Гьеб кинабго хIалтIул хIасилалда тIубараб рахас лъугьуна: цин гIадамал унтизаризе, гьезул чурхдул загIиплъизе, рекIел унтаби цIикIкIине, бидурихьал жагьаллъизе, хадуб гьезда абизе жидее хвасарлъи гIицIго хурдузул нах бугин. Гьедин абула чIахIиялги гIисиналги битIахъего чIвазе мурадалда ричулел гидрировать гьарурал нахал рахъулел предприятияздасан хIисаб гьечIеб хайир щвезе.

Гьелъул хIасилалда киналго хIажаталлъун лъугьуна медицинаялъул центразде (анализал кьезе, сах гьаризе ва гь. ц.) хьвадизе. Гьединго дараби ургъулел, гьарулел, ричулел компаниязеги хайир цIикIкIуна. ХадубккIун церетIезарула хIайваназул беэнлъи гьоркьоб гьечIел кванил нигIматал ричалел хасал предприятиял.

Цинги, балагьараб бер къапилалде гIемерлъун цебе тIола спортивияб квен гьабулел компаниял, диеталда рекъон кванил хасал программаби ва киназего хиралъарарал хIалакълъизарулел централ. Гьел киналго компаниязул масъалабиги мурадалги баянал руго: миллионал гIадамазе зарал гьабиялдалъун жидеего бачIунеб хайир цIикIкIинаби.

Унгоха вацалги яцалги, нужецаго пикро гьабе чан балъгояб хазина Къуръаналда жаниб бугебали!

Нилъер умумузин абуни боцIиги хьихьулаан, гIакдал нахги, тIатIиги, мохмоги кванилъ хIалтIизабулаан, гьанже нилъеца хIалтIизабулеб нах гьорлъ гьечIеб нахги маргаринги гьезда щибалицин лъалароан.

Гьеб гуребги риидал сагаялда кванараб гIакдал кантIогьилаб нах ботIродаги бахунаан, 60-70 сонил ригьалде рахараб мехалъ гьезул чорхол сахлъиги, берзул канлъиги, гIакълуялъул роцIинги, рекIел пагьмуги, гьурмал кьерги жакъа нилъеда гьоркьоса 40-50 сонил ригьалде рахараздаса гIемерго лъикIаб букIана.

Гьединлъидал нилъ, бусурбаби ругьунлъизе ккола кинабго Къуръаналдагин хIадисазда борцине ва гьезда рекъон хIалтIизе. Гьеле гьелда жаниб буго нилъее сахлъиги хвасарлъиги!


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 13. 1. 21 г. 17.00 фактически -18. 00 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|